# Ирон æвзаджы тъест

**Бафæрсут текст:**

**Нарты кадджытæ**
**Батырадз æмæ æртæсæрон уæйыг**

Сау хæхты хсæн, тархъæды бын, къæдзæх-лæгæты царди æртæсæрон уæйыг.

Æртæсæрон уæйыгæн Хуыцауæй дзырд уыди, хъуæмæ къуыри иу хатт æнгуырстуаны дзаг туг баназа, цæмæй йæ тых къаддæр ма кæна.

Æртæсæрон уæйыг зылди æмæ Нарты фæсивæды – чызгæй-лæппуйæ ахста æмæ цæ хаста йæ лæгæтмæ. Сæ кæстæр æнгуылдзтæй цын æнгурстуаныдзæгтæ туг уæгъта æмæ цæ нуазта.

Туг нуазгæй æртæсæрон уæйыг фыднард ныцци. Бæрзæй сымхуызон сæримæ, былтæ – кæфойтæ, цæститæ – сасиры йæстæ, фындз – бæхы йас, хъустæ – ивæзны йæстæ, дæндæгтæ та дуартты йæстæ.

Ахæм уыдис æртæсæрон уæйыг.

(2) **1. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Кæцы жанры уæцмысмæ хауы Нарты Кадджытæ?*

а) аргъæуттæм.

б) легендамæ.

в) эпосмæ.

(2) **2. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цы дзырд ратта æртæсæрон уæйыг Хуыцауæн?* Рафыссут:

……………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………

(2) **3. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Туг нуæзтæйæ цы æрцыд артæсæрон уæйыгыл?* Рафыссут:

………………………………………………………………………………………………………………………………

………………………………………………………………………………………………………………………………..

**Бафæрсут текст:**

**Стæйы цармдарæг**

Æви искуыдæр мæ царды уарзт уæззау уаргъæн нæ хæссыц
Фæлæ уый тыххæй æнхъæлмæ райгæс, адзалмæ нæ кæсынц!
Ды дæхи куыд марыс? – Адæм се хсарæй æмбæхсынц:
Ау, кæд чи ртыдта, зæгъма мын, уарди – худгæбыл – æнæсындз?!
Фарстой уардийы, цæвиттон: „Уый цы фенддæджы рæсугъд дæ?
Фæлæ де ртонын куд зын у? – туджы самæхсынц нæ къухтæ“.
„Царды стæм – зынаргъдæр, – зæгъгæ, былтæ банкъустысты пухтæ, –
Хорз куы саслам уа, куы сарæх, – фæу ыл баддзæнис адзухдæр“.

(2) **4. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи у автор ацы поэмайы?*

а) Илья Чавчавадзе.
б) Шота Руставели.
в) Давид Джиоев.

(4) **5.** *Ссарут æмæ рафыссут ацы текстæй дыууæдæр афоризм:*

А)………………………..……………………………………………………...……………

…………………………………………………………………………………………………..…

……………………………………………………………......……………………………...………

Б)…………………………………………………………………………………………..……

………………………………………………………………………………………………………..

…………………………………………………………………………………………………………

**Бафæрсут текст:**

**Хетæгкаты Къоста**

**Дзабидырдзуан**

Зебаты хъæуы цардис æгасæй æртындæс хæдзары. Арф уынгæг комы сæрмæ, бæрзонд мигъты æмбæз, йæ хæдзæрттæ уæлиауæй зындысты зæрватыччы ахстæттау хохы æйнæгыл. Бынæй комы дон хъæргæнгæ уади йæ айвæг къæйбыныл, калмау къæдзтæгæнгæ дыууæрдæм, æмæ дардмæ æрттывта хæрдгæ æнахау. Иу бæлас, иу къутæр никуы уыдис. Æрмæст дардыл бæстæ бацахстой ихсыд къæдзæхтæ æмæ дуртæ.

Цардысты уыцы хъæуы ир. Цардысты тынг мæгуыр, уый тыххæй æмæ сын нæ уыдис нæ хуымгæнды, нæ хосгæрсты зæхх. Лæгтæ-иу цыдысты дзæбидырдзуаны, устытæ кодтой хæдзары куыст.

Сæгътæ дардтой хъуццыты бæсты, хæрджытæ та бæхты æмæ галты бæсты. Дыууæ хæрæджы кæмæ уыдис, уый хуындис хъæздыг. Маргъы мыггагæй æгас хъæуы уыдис лæгуын уасæг æмæ æртæ фыдуынд карчы.

Фæззæг хъæуы алфæмбылæй вæййы æнкъарддзастдæр. Цъæх мигъ архæццæ уæййы хъæумæ, цъититæй раулæфы уазал дымгæ, райдайы къæвдайæн, митуардæн, хъыстæн сæ фæлтæр.

(2) **6. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цахæм у хæххон адæмы мæгур цард?* Рафыссут:

.............................................................................................................................................................................

.............................................................................................................................................................................

(2) **7. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Ссарут радзырды фæззæджы ныв.* Рафыссут:

.............................................................................................................................................................................

.............................................................................................................................................................................

**Бафæрсут текст:**

## Джусойты Нафи

### Булæмæргъ кæд зары

Лæг зæрдæмæ фесхъиуы йæ фынæй,
Зындæр фæндиагтыл ныххæцы,
Ныккæрзы зæрдæйы рæбынæй
Æмæ йæ мæстытыл ныхъхъæцы!
Æрмæст кæд цины бонты зарай, –
Поэт нæ дæ!
Хъыджы бон хус цæссыг куй, ппарай, –
Поэт нæ дæ!

(2) **8. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Джусойты Нафи?*

а) поэт.

б) артист.

в) ахуыргæнæг.

(2) **9. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цы хæс æрæвæрдтæ поэт йæ разы ацы æмдзæвгæйæ?*

а) ныфсдæттæг.

б) цардхалæг.

в) фæндагамонæг.

(2) **10. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Абайты Васо?*

а) фыссæг.

б) лингвист.

в) депутат.

(2) **11. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Гæдиаты Секъа?*

а) драматург.

б) артист.

в) фыссæг.

(2) **12. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Тугъанты Махарбег?*

а) нывгæнæг.

б) драматург.

в) кусæг.

(2) **13. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цас дамгъæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 40.

б) 43.

в) 50.

(2) **14. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цас хъæлæсон дамгъæтæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 5.

б) 7.

в) 9.

(2) **15. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

адджын —...........................

(2) **16. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

æнкъард —..........................

(2) **17. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

сыгъдæг —..........................

(2) **18. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

стыр —................................

(2) **19. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

хъæбæр —...........................

(2) **20. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

даргъ —...............................

(2) **21. Кацы ныхас у ивгъуыд рæстæджы?**

æз

а) кафын.
б) кафыттæн.
в) кафдзынæн.

(2) **22. Кацы ныхас у нырыккон рæстæджы?**

ды

а) дзурыс.
б) дзырдтай.
в) дзурдзынæ.

(2) **23. Кацы ныхас у Суинаг рæстæджы?**

уый

а) лидзы.
б) лыгъди.
в) лидзæн.

(2) **24. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) судзынц. |
| суг | б) тауынц. |
| | в) халынц. |

(2) **25. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) рæйы. |
| куыдз | б) уасы. |
| | в) зары. |

(2) **26. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) урс. |
| кæрдæг у | б) цъæх. |
| | в) зæлдаг. |

**Адих кæнут дзырдтæ уæнгтыл:**

(2) **27.** кæлмæрзæн ……………………………………..

(2) **28.** сыгъзæрин ………………………………………

(2) **29.** хъæлдзæгдзинад ……………………………..